

5.3

RAPÒTE OBLIGATWAMAN KA ABI TIMOUN, ABANDON, NEGLIJANS OSWA BEZWEN SIPÈVIZYON

(Mandatory Reports of Child Abuse, Abandonment, Neglect or Need of Supervision)

A. Rapòte obligatwaman ka ak sitiyaasyon-sa-yo. Tout manm pèsennèl distri eskolè-a blije rapòte bay *Department of Children and Families ("DCF")* (Depatman Timoun ak Fanmi) enfòmasyon yo konnen oswa lè gen bon rezon pou sispèk:

- yon timoun ap sibi abi, te abandone, oswa te neglijje pa paran-li, oswa pa yon gadyen legal, yon moun kap okipe-li (caregiver), oswa ankò pa tout lòt moun anchaj byennèt timoun-la; oswa
- yon timoun bezwen sipèvizyon ak swen epi li pa gen ni paran, ni gadyen legal, ni fanmi adilt ki anchaj-li epi ki disponnib pou sipèvize epi okipe-li, pèsenn pa rekonnèt-yo; oswa
- yon granmoun abize yon timoun e moun-sa-a pa paran timoun-nan, gadyen legal, pa yon moun anchaj byennèt timoun-nan; oubyen
- yon timoun viktim abi seksyèl diran lanfans oswa timoun-nan viktim yon delenkan seksyèl jivenil, konni oswa sispèk.

B. Kijan ou kapab rapòte ka sispèk oswa konni. Pwovizyon lalwa Florid nan *Section 39.201(2)(a), Florida Statutes*, prevwa moun ki konsènen dwe rele DCF nan yon liy telefòn dirèk gratis: 1-800-96 ABUSE (962-2873) pou rapòte ka ak sitiyaasyon konni oswa sispèk.

C. Konfidansyalite idantite ak non rapòtè-yo pwoteje. Pwovizyon lalwa Florid nan *Section 39.201(1)(d), Florida Statutes*, ekzije pwofesè, Distri eskolè-a, ofisyèl distri eskolè-a, pèsennèl distri eskolè-a, travayè sosyal, anplwaye dekè (gadri), pwofesyonèl ki okipe timoun, ofisyè polis, doktè, enfimye ak enfimye, pwofesyonèl lasante oswa swen sante mantal, se pami kategori pwofesyonèl ki dwe bay estaf DCF non-yo lè yo rele liy dirèk DCF pou rapòte ka konni oswa sispèk. Sepandan, yo dwe kenbe idantite ak non rapòtè-yo konfidansyèl epi non-yo an okenn fason pap ka revele ditou, jan *Section 39.202, Florida Statutes*, prevwa sa.

D. Sanksyon ak konsekans kriminèl aplikab nan ka oken rapò pa fèt. Yon moun ki blije rapòte abi timoun, abandon oswa timoun neglije, sitiyaasyon konni oswa sispèk, epi moun-sa-a konsyaman e volontèman, pa rapòte sa, oswa moun-la enpoze, konsyaman e volontèman, yon lòt moun rapòte sitiyaasyon-an, kifè moun-la komèt yon krim (feloni), twazyèm degre, konfòmman ak Section 39.205(1), Florida Statutes. Sanksyon pou krim-la prevwa nan lwa-a, Sections 775.082, 775.083 or 775.084.

E. Amann administratif (fines) pou fo rapò. Section 39.206(1), Florida Statutes, bay DCF dwa ekzije yon moun peye yon amann (fine) oplis \$10,000 pou chak vyolasyon, si moun-la konsyaman e volontèman, fè fo rapò sou yon ka abi timoun, abandon oswa timoun neglije; DCF kapab menm ekzije moun ki konseye yon lòt moun fè fo rapò peye yon amann. Diplis, yon moun, ki konsyaman epi volontèman fè yon fo rapò gen yon responsabilite sivil dapre lalwa Florid, *Section 39.206(10), Florida Statutes*. Moun-sa-a reponsab tout donmaj sibi, peye frè avoka ak frè jidisyè.

F. Iminite pou Rapòtè. Tout moun ki ale nan DCF oswa ale nan ajans lapolis pou rapòte an bòn fwa yon sitiyaasyon abi timoun, abandon, oswa timoun neglije, va resevwa iminite ak pwoteksyon dapre Section 39.203(1), Lwa Leta Florid. Moun-sa-a pap gen okenn responsabilite sivil oswa kriminèl otreman yo tap rann li responsab. Dapre lwa Florid, *Section 39.203(2), Florida Statutes*, yo pa ka fè revanch oswa tèminen anplwa yon anplwaye k'ap travay kote yo okipe timoun paske li rapòte abi timoun, abandon, oswa timoun neglije.

G. Trenning pou Pèsonnèl Distri-a. Chak anne, tout pèsonnèl distri eskolè-a (se pa yon lis konplèt), pwofesè, pwofesè ranplasan ak estaf ki pa anseye, administratè nan lekòl, estaf sipò, baze nan lekòl, ak anplwaye, anplwaye sèvis antretyen (custodial) ak sèvis kafeterya, pèsonnèl onivo distrik-la, chofè bis lekòl ak asistan nan bis, ki entèaji epi kominike ak timoun dwe ale nan trenning DCF ofri. Trenning-la se *Reporting of Child Abuse and Neglect*. Anplwaye-yo ap aprann ki enfòmasyon yo dwe bay lè yo itilize liy dirèk *Florida Abuse Hotline*.

Authority: F.S. 1001.41 (1) (2);

Lwa enplimante: F.S. 39.201, 39.203, 39.205(1); 39.206, 39.01

Policy Adopte: 9/5/74; 5/8/78; 11/1/84; 12/7/93; 9/15/98

Amanman Policy: 7/24/07, 5/2/00; 9/3/03, 9/19/14, 06/ 21 /2016

S:/v/allwork-use/sbbc/memos/internal/1415year/150414policy5.3